

Tip Règleman:	<b>PIBLIK</b>	Kategori:	<b>Jesyon Revni</b>
Tit:	<b>RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)</b>	Règleman #:	<b>1001</b>
Paj:	1 nan 13	Ranplase #:	5706-0504
Dat Nimewo:	<b>1<sup>re</sup> Oktòb 2016</b>	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Direktè Revni
Dat revizyon:	03/18, 9/19, 02/20, 11/20, 08/23, 1/25, 1/26	Approved By:	<b>Siyati ki Nan Dosye a</b> Erick Hawkins, Direktè Finansye

**I. RÈGLEMAN:**

Politik sa a etabli pwosesis asistans finansye Orlando Health ki pran responsablite san patipri pou kapab bay sèvis swen sante pou manm yo nan kominote a ki pa gen mwayen pou peye pou tretman ijans oswa pou tretman ki nesese sou plan medikal.

**II. DEFINISYON**

Lè yo itilize yo nan règleman sa a tèmsa yo gen siyifikasyon annapre la yo:

- A. Montan yo Jeneralman Chaje yo (“AGB”): montan yo jeneralman chaje pasyan yo pou ijans oswa lòt swen nesese sou plan medikal.
- B. Peryòd Aplikasyon: peryòd kote Orlando Health dwe aksepte epi travay sou yon aplikasyon pou asistans finansye annakò ak FAP li a ke yon moun soumèt yon fason pou li te fè ase efò pou jwenn si wi ou non moun nan kalifye pou asistans finansye dapre règleman an. Peryòd Aplikasyon an kòmanse nan dat yo bay swen medikal la epi li fini nan sa ki pi lwen an swa 240<sup>yèm</sup> jou apre dat ke yo bay premye bòdwo apre egzeyat la oswa 30 jou omwen apre Orlando Health bay moun nan yon avi alekri ki fikse yon dat limit kote apre dat sa, yo gendwa kòmanse ECA yo.
- C. Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè (“ECA”): Dapre Gid IRS yo, Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè vle di mezi ki pran kont yon moun anrapò ak efò pou jwenn peman yon Kont Peye Limenm ki mande yon pwosesis legal oswa jidisyè oswa ki konsènen vann Kont Peye Limenm la ba yon lòt antite oswa rapòte enfòmasyon negatif sou Moun ki bay garanti an ba ajans rapò kredi konsomatè oswa biwo kredi yo.
- D. Règleman Asistans Finansye (“FAP”): Règleman Asistans Finansye Orlando Health:
- E. Moun ki Kalifye pou FAP: yon moun ki kalifye pou asistans finansye dapre FAP Orlando Health la (san konsidere si wi ou non moun nan te aplike pou asistans nan kad FAP a).
- F. Gid Federal sou Povrete (“FPG”): Yon mezi revni Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (“HHS”) pibliye chak ane. Yo itilize gid federal sou povrete pou detèmine kalifikasyon pou sèten pwogram ak avantaj, tankou rabè sou asirans sante Mache a, ak kouvèti Medicaid ak CHIP.
- G. Garan: moun k ap resevwa swen an ak/oswa moun ki responsab pou zafè lajan an.
- H. Kont Epay Sante (“HSA”): yon kont epay medical ki gen avantaj fiskal ki disponib pou moun ki enskri nan yon plan sante ki gen franchiz ki elve (“HDHP”).
- I. Pasyan/Ajan/Reprezantan Legal: yon moun, dapre lwa ki aplike nan sitiyasyon sa, ki gen otorite pou aji onon yon moun. Yon reprezantan legal kapab yon ranplasan, mandatè, gadyen pou desizyon swen sante, oswa paran osinon yon lòt moun k ap aji nan plas yon paran (in loco parentis) pou yon minè ki pa-emansipe, oswa yon egzekitè oubyen administratè byen.
- J. Sipò Katastwofik/Medikalman Endijan: sipò finansye pou pasyan/garan an resevwa lè depans medikal yo depase 15% revni familyal/fwaye anyèl brit pou moun ki gen FPG ki egal a oswa pi ba pase senksan pousan (500%).
- K. Kont ki Pa Gen Asirans Ki Peye Li Menm: yon kont, ki pa gen okenn peyè tyès patit pati oswa asirans ki responsab li epi li se responsablite Pasyan/Garan an.
- L. Kont Peman Pèsonèl Apre Asirans: yon kont kote yon peyè twazyèm pati peman te soumèt peman epi montan ki rete yo se responsablite Pasyan/Garan an. Sa ka gen ladan, men li pa limite sèlman ak, ko-asirans, ko-peman ak/oswa dediktib.

Tip Règleman:	<b>PIBLIK</b>	Kategori:	<b>Jesyon Revni</b>
Tit:	<b>RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)</b>	Règleman #:	<b>1001</b>
Paj:	2 nan 13	Ranplase #:	5706-0504
Dat Nimewo:	<b>1<sup>re</sup> Oktòb 2016</b>	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Direktè Revni
Dat revizyon:	03/18, 9/19, 02/20, 11/20, 08/23, 1/25, 1/26	Approved By:	<b>Siyati ki Nan Dosye a</b> Erick Hawkins, Direktè Finansye

### III. PWOSEDI:

#### A. Obligasyon

1. Orlando Health repekte seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn (Internal Revenue Code) ki egzije pou òganizasyon lopital yo tabli yon règleman asistans finansye alekri. Yon òganizasyon lopital se yon òganizasyon yo rekonèt (oswa k ap chèche pou yo rekonèt li) jan sa dekri nan seksyon 501(c)(3), k ap opere yonn oswa plizyè etablisman lopital.
2. Konsèy Administrasyon oswa yon òganis otorize lopital ki gen egzansyon pou taks la dwe apwouve règleman sa a.
3. Tout doktè ki anplwaye nan Orlando Health yo dwe swiv FAP. Founisè swen ki sou kontra, founisè kominotè/prive pa oblije patisipe nan pwogram asistans finansye Orlando Health la. Yon mete sou sit entènèt Orlando Health la yon lis gwoup doktè oswa founisè ki anplwaye nan Orlando Health. Anplis de sa, ou ka jwenn sou sit entènèt nou an yon lis ki gen tout gwoup doktè oswa founisè kontraktiyèl/kominotè/prive ki bay swen dijans oswa lòt swen ki nesèsè sou plan medikal nan etablisman lopital yo, epi y ap fè w jwenn lis la gratis si w mande. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.
4. Aplikasyon FAP Orlando Health la, Rezime nan Langaj ki Klè, ak Aplikasyon Deklarasyon Finansye Garan an (“GFSA”) disponib fasilman pou pasyan, vizitè ak manm yo nan kominote a gratis sou sitwèb Orlando Health la. Kopi papye yo disponib lè ou mande yo pa mwayen lapòs, epi nan nan lye komèsyal admisyon ak ijans yo. Rezime nan Langaj Klè a disponib nan zòn piblik yo nan lopital yo, epi yo bay kopi papye yo pou pasyan yo pandan anrejistremant/admisyon nan lopital la. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a pou jwenn kopi dokiman yo anliy.
5. FAP la, Rezime nan Langaj Klè a, ak GFSA a disponib an Anglè ak nan lang prensipal rezidan ki reprezante pi piti pase senk pousan (5%) nan kominote nou sèvi a osinon 1,000 moun pa lopital nou yo. Orlando Health pral fè yon analiz chak ane sou lang ki parèt nan kominote nou an. Ou ka jwenn tradiksyon yo nan lyen dokiman sipò yo ki nan fen règleman sa a.
6. Montan yo Jeneralman Chaje (“AGB”): Orlando Health detèmin (AGB) pou swen pandan y ap itilize pwosesis faktirasyon ak kodaj li t ap itilize si moun nan te benefisyè sèvis peyan ak etablisman AGB a pou swen nan montan li detèmine Medicare ak benefisyè Medicare a asanm t ap espere pou peye pou swen an.
  - a. Orlando Health te detèmine AGB lè l sèvi avèk metòd potansyèl Medicare a.
  - b. Orlando Health revize AGB a chak ane.
  - c. Nenpòt lè Orlando Health, bay swen ki medikalman nesèsè oswa swen ijans pou yon moun ki elijib pou FAP, machaswiv sa yo aplike
7. Antanke yon lopital ansèyman prive, ki pa pou fè pwofi, Orlando Health bay swen sante konplè. Yo bay sèvis pou tout moun san konsidere ras, koulè, peyin orijin, sèks, andikap, idantite seksyèl, oswa oryantasyon seksyèl.
8. Selon Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Travay (EMTALA, Emergency Medical Treatment and Labor Act), yo pa pral refize moun tretman lè yo soufri yon ijans medikal reyèlman, kèlkanswa kapasite yo gen pou peye. Orlando Health pa pral fè manèv ki dekouraje moun chèche swen medikal pou ijans, tankou pa egzanp mande pou pasyan depatman dijans yo peye anvan yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal dijans oswa pèmèt aktivite koleksyon dèt pou bay swen medikal an ijans. Doktè k ap fè tretman an pral deside pwoblèm ijans yon pasyan baze sou eksperyans li, fòmasyon ak kòd moralite li.

Tip Règleman:	<b>PIBLIK</b>	Kategori:	<b>Jesyon Revni</b>
Tit:	<b>RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)</b>	Règleman #:	<b>1001</b>
Paj:	3 nan 13	Ranplase #:	5706-0504
Dat Nimewo:	<b>1<sup>re</sup> Oktòb 2016</b>	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Direktè Revni
Dat revizyon:	03/18, 9/19, 02/20, 11/20, 08/23, 1/25, 1/26	Approved By:	<b>Siyati ki Nan Dosye a</b> Erick Hawkins, Direktè Finansye

9. Doktè k ap fè tretman an pral deside swen ki nesèsè sou plan medikal baze sou eksperyans li, fòmasyon ak kòd moralite li.
  10. Pou tout pwosedi yo chwazi fè ak sa ki planifye yo, Orlando Health gendwa sèvi ak dwa li genyen pou ranvwaye sèvis pou Pasyan/Ajan ki pa vle peye tout responsablite finansye yo genyen oswa ki pa vle angaje yo pou yon plan peman ki rezonab.
- B. Gid Federal la sou Povrete**
1. Montan minimòm yo fikse pou revni anvan taks ke yon fanmi/kay bezwen pou manje, rad, transpò, lojman ak lòt nesèsite. Ozetazini se Depatman Sante ak Sèvis Sosyal ki kalkile nivo a.
  2. Chak ane, gouvènman federal la tabli giv revni ki povrete pou ane a epi li pibliye yo nan Rejis Federal. Pwogram asistans finansye Orlando Health la sèvi ak gid sa yo lè y ap deside kalifikasyon pou swen gratis, epi y ap sèvi ak gid ki pi resan yo pandan pwosesis seleksyon an. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.
  3. Moun oswa fanmi/kay ki pa gen asirans ki satisfè kritè twasan pousan (300%) oswa pi ba pase FPG ap kalifye pou asistans finansye pou responsablite finansye yo gengen pou sèvis ki elijib nan règleman sa a.
  4. Moun oswa fanmi/kay ki nan kouvèti asirans/twazyè pati ki ranpli kondisyon de san vennsenk pousan (225%) an oswa pi ba FPG ap kalifye pou asistans finansye pou responsablite finansye yo apre asirans pou sèvis ki elijib nan règleman sa a.
  5. Dapre sa ki prevwa nan seksyon 501(r), Orlando Health oblije mete limit nan chaj yo pou pasyan ke yo jwenn ki kalifye pou asistans finansye.
- C. Elijiblite**
1. Pasyan/Garan ki vle pou yo konsidere posiblite asistans finansye pou yo, ap oblije fè pwosesis aplikasyon an epi bay enfòmasyon sa yo jan sa nesèsè:
    - a. Tout non legal
    - b. Revni kay la pou peryòd 12 mwa anvan an
    - c. Kantite moun ki nan kay la
    - d. Fòm enkòm taks oswa lòt fòm konfimasyon revni, tankou fòm W2, dokiman IRS 1099, souch chèk, ak etadkont labank
    - e. Divilgasyon byen ki ka konvèti an lajan kach epi ki pa nesèsè pou lavi chak jou.
    - f. Sètifikasyon siyati sou Aplikasyon Eta Finans Moun ki bay garanti a (GFSA, Guarantor Financial Statement Application).
    - g. Ou ka jwenn yon lyen elektwonik aplikasyon an nan dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.
  2. Yo pral ofri asistans finansye a Pasyan/Moun ki bay garanti, ki ranpli kondisyon pou kalifikasyon epi ki abite kote Orlando Health opere etablisman swen egi yo.
  3. Y ap anvizaje posiblite swen gratis pou moun ki respekte kondisyon ki dekri nan FAP sa a. Moun ki pa respekte kondisyon FAP sa a, yo gendwa konsidere yo pa kalifye. Anplis ke yo dwe ranpli lòt kondisyon ki dekri nan règleman sa a, Pasyan/Moun ki bay garanti yo dwe kolabore pou bagay sa yo:
    - a. Pasyan/Moun ki bay garanti yo dwe kolabore pou bay tout enfòmasyon ki soti lòt kote tankou enfòmasyon veyikil amotè oswa lòt enfòmasyon aksidan, demann pou Kowòdinasyon Benefis (COB, Coordination of Benefits), oswa lòt enfòmasyon ki nesèsè pou deside sou reklamasyon, elatriye

Tip Règleman:	<b>PIBLIK</b>	Kategori:	<b>Jesyon Revni</b>
Tit:	<b>RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)</b>	Règleman #:	<b>1001</b>
Paj:	4 nan 13	Ranplase #:	5706-0504
Dat Nimewo:	<b>1<sup>re</sup> Oktòb 2016</b>	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Direktè Revni
Dat revizyon:	03/18, 9/19, 02/20, 11/20, 08/23, 1/25, 1/26	Approved By:	<b>Siyati ki Nan Dosye a</b> Erick Hawkins, Direktè Finansye

- b. Pasyan/Garan yo pral epwize tout resous yo ki enkli Plan Echanj Swen Sante sou Mache a, HAS, plan medical gwoup patwon yo, plan oto-asire yo, kont finansman kominotè ki gen ladan GoFundMe ak lòt inisyativ yo, ak ministè ak/oswa gwoup pataj depans pou swen sante yo, anvan key o pran yo an konsiderasyon pou asistans finansye.
- c. Pasyan/Moun ki bay garanti ke yo jwenn ki gen bagay ki fè yo kalifye pou Medicaid dwe kolabore avèk pwosesis Medicaid ki annatant. Pou resevwa asistans finansye nan swen sante, pasyan an dwe aplike pou asistans Medicaid epi li jwenn refi pou nenpòt lòt rezon apade sa ki annapre la yo:
  - 1) Pa te aplike.
  - 2) Pa te fin fè tout pwosesis aplikasyon an.
  - 3) Pa te bay verifikasyon ke yo mande.
4. Yo ka refize Asistans Finansye a si gen ase dout ki fè kwè aplikasyon an pa kòrèk. Si Pasyan/Moun ki bay garanti a bay dokiman ki nesèsè yo ak enfòmasyon yo mande pou fè eklèsisman sou enfòmasyon yo, yo ka rekonsidere aplikasyon an.
5. Moun ki pa gen asirans oswa asirans yo pa kouvri tout bagay epi ki satisfè youn oswa plis nan sa ki annapre yo konsidere kòm elijib pou asistans finansye:
  - a. egzeyate nan yon etablisman swen kalifye.
  - b. dokimante kòm sanzabri.
  - c. moun ki mouri ki pa gen omologasyon/byen.
  - d. resevwa yon Lòd Egzeyat kòm yon pati nan pwosedi fayit pèsònèl.
6. Moun yo detèmine ki elijib pou asistans finansye yo sipoze pa mwayen Evalyasyon Elijiblite Endepandan ki detèmine ki paysan ki genyen yon nòt kapasite peman ki fèb oswa ke yo pa konnen. Evalyasyon Elijiblite Endepandan an genyen alorit ki entegre done ki soti nan biwo kredi yo, bazdone demografik, ak done espesifik lopital la. Done tyès pati sou rapò kredi ak lòt sous don eki disponib pou piblik la itilize modèl prediktif ke yo rekonèt nan tout sektè swen sante a ki baze sou bazdone dosye piblik yo pou kalkile yon nòt sou kapasite ekonomik ak finansye. Enfòmasyon yo jwenn nan Evalyasyon Elijiblite Endepandan an pral konstitiye dokimantasyon sou bezwen finansye selon politik sa a pou dedwi ak klasifye moun yo nan kategori mwayen ekonomik respektif yo san konsidere si yo te bay dokimantasyon konplè volontèman.
7. Orlando Health pral travay ak ajans kominotè ki pa pou fè pwofi yo, ak konte, ak pwogram eta a finanse yo, ki gen ladan men pa limite ak Lwa sou Responsablite Swen Sante a (“HCRA”). Pwogram sa yo sèvi moun ki pa gen ase asirans y oak moun ki pa gen asirans selon politik sou depistaj kritè finansye yo ki sanble ak FAP sa a, epi y ap aksepte yo nan pwogram sa a.
8. Orlando Health gen dwa pou li klarifye enfòmasyon ke l jwenn yo pandan pwosesis seleksyon an, ki enkli aktif ke l jwenn oswa liy kredi ki disponib.
9. Pasyan/Garan ke jije ki medikalman endijan oswa ki reponn ak machaswiv katastwofik balans ki depase kenx pousan (15%) revini fanmi/kay yo, men pa pi gwo pase senksan pousan (500%) FPG, pral sou konsiderasyon pou jwenn swen gratis.
10. Yo pral konsidere paysan ki gen kouvèti sante Florida Medicaid yo kòm moun ki elijib pou swen gratis si Florida Medicaid refize peman pou sèvis ijans ak/oswa sèvis ki nesèsè sou plan medikal yo ki pa kouvri yo.
11. Yo pral konsidere paysan ki deyò zòn kouvèti Medicaid la kòm moun ki pa gen asirans pou objektif detèminasyon asistans finansye jan sa dekri nan regleman sa a.

Tip Règleman:	<b>PIBLIK</b>	Kategori:	<b>Jesyon Revni</b>
Tit:	<b>RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)</b>	Règleman #:	<b>1001</b>
Paj:	5 nan 13	Ranplase #:	5706-0504
Dat Nimewo:	<b>1<sup>re</sup> Oktòb 2016</b>	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Direktè Revni
Dat revizyon:	03/18, 9/19, 02/20, 11/20, 08/23, 1/25, 1/26	Approved By:	<b>Siyati ki Nan Dosye a</b> Erick Hawkins, Direktè Finansye

**D. Pwosesis Aplikasyon**

1. Pasyan ka resevwa èd pou pwosesis aplikasyon an avèk metòd ki annapre la yo:
  - a. Konseye Finansye yo disponib nan etablisman lopital Orlando Health yo epi yo pral ede pasyan yo ranpli fòm aplikasyon an, anvan yo entène, pandan yo entène, ak apre yo te entène lopital.
  - b. Reprezantan Asistans Finansye yo disponib Lendi – Vandredi, 8:00 am – 4:30 pm. Ou ka jwenn yo pa telefòn nan (321) 843-8955, oswa pa imel nan: [FinancialAssistance@orlandohealth.com](mailto:FinancialAssistance@orlandohealth.com).
2. Pasyan kapab aplike pou asistans finansye nan fason sa yo:
  - a. Ranpli ak soumèt yon GFSA ba Orlando Health pou evalyasyon.
  - b. Pandan pasyan an entène lopital, reprezantan yo disponib pou ofri asistans pou ranpli GFSA.
  - c. Mande GFSA a alekri oswa jwenn li sou sit entènèt Orlando Health la oswa ale an pèsòn nan yon etablisman Orlando Health.
  - d. Yo ka mande pou Pasyan/Moun ki bay garanti yo bay kopi fòm enkòm taks si sa nesèsè.
  - e. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.

**E. Detèminasyon**

1. Pou jwenn plis detay konsilte Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan Orlando Health (Peye Limenm) ki disponib nan seksyon Referans lan nan fen règleman sa a.
2. Orlando Health pral egzaminen aplikasyon pou asistans finansye yo pou wè si yo konplè e kòrèk, pandan "Peryòd Aplikasyon". Sa se peryòd kote Orlando Health dwe aksepte epi travay sou aplikasyon pou asistans finansye ke Pasyan/Moun ki bay garanti soumèt. Peryòd sa a fini apre 240<sup>yèm</sup> jou apre premye etadkont pasyan apre egzayat. Reprezantan Orlando Health yo pral egzamine pou fè sa ki annapre la yo:
  - a. Konfime enfòmasyon sou revni ak depans kay la.
    - 1) Revni fanmi an, ankontan men se pa sa sèlman, salè, benefis sekirite sosyal, benefis grèv, benefis chomaj, sipò timoun, eritaj, pansyon alimantè, revni mari/madanm, benefis Konpansasyon Travayè, benefis pansyon andikap, dividann envestisman, ak enterè. Pasyan/Moun ki bay garanti a dwe mete tou revni total anvan taks pou tout manm fwaye nan kay la k ap travay ansanm ak moun ki poko gen laj 18 lane yo.
    - 2) Moun ki nan kay la gen ladan pasyan, mari/madanm, ak timoun natirèl oswa adoptif ki poko gen laj 18 an. Si yon depandan andikape epi li gen plis pase 18 an, li antre nan gwosè fanmi an.
  - b. Si aplikasyon an pa konplè:
    - 1) Orlando Health pral bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon avi alekri ki dekri enfòmasyon anplis ak/oswa dokiman ki nesèsè pou fin fè tout aplikasyon pou asistans finansye a.
    - 2) Orlando Health pral bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon avi alekri omwen ki kominike pwosesis koleksyon y ap tanmen si yo pa peye reklamasyon an(yo).
  - c. Si aplikasyon an apwouve, yo pral voye yon lèt apwobasyon ak detay espesifik bay Pasyan/Garan an. Asistans finansye ki apwouve pral pwolonje douz (12) mwa anvan oswa douz (12) mwa apre dat apwobasyon aplikasyon orijinal la.

Tip Règleman:	<b>PIBLIK</b>	Kategori:	<b>Jesyon Revni</b>
Tit:	<b>RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)</b>	Règleman #:	<b>1001</b>
Paj:	6 nan 13	Ranplase #:	5706-0504
Dat Nimewo:	<b>1<sup>re</sup> Oktòb 2016</b>	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Direktè Revni
Dat revizyon:	03/18, 9/19, 02/20, 11/20, 08/23, 1/25, 1/26	Approved By:	<b>Siyati ki Nan Dosye a</b> Erick Hawkins, Direktè Finansye

- d. Si yo refize aplikasyon an, yo pral voye yon lèt refi ak detay espesifik bay Pasyan/Garan an, y ap fè efò rezonab pou kontakte l. Orlando Health ap kontinye ak pwosesis koleksyon nòmal la.
3. ECA se mezi Orlando Health ka pran sizoka peman pa fèt epi ou ka jwenn li an detay nan Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan (Peye Limenm).
- a. Orlando Health bay tèt li dwa pou vann yon dèt ba yon ajans ekstèn pou chèche rezoud peman.
4. Otorite Eksepsyon ak Dokimantasyon : Nan sikonstans limite, Orlando Health kapab bay asistans finansye pou paysan ki pa satisfè kritè elijiblite estanda ki defini nan FAP sa a lè genyen sikonstans inik, ki espesifik ak pasyan an, oswa sikonstans finansye, ki gen ladan, men pa limite ak, depans medikal ekstrawòdinè, difikilte finansye tanporè, oswa lòt faktè konvenkan. Administrasyon Orlando Health la dwe apwouve eksepsyon yo selon pwosedi entèn ki etabli yo. Yo pral dokimante apwobasyon eksepsyon yo epi mete baz pou detèminasyon an. Orlando Health aplike eksepsyon yo nan yon fason ki jis epi konsistan ak aktivite eksepsyon revizyon tanzantan pou asire yo adapte ak FAP sa a epi selon egzijans ki aplikab yo. Eksepsyon yo pa etabli presedan epi pa modifiye kritè elijiblite ki dekri nan FAP sa a.
- F. Pasyan/Garan ki elijib pou pou asistans finansye selon règleman sa a pral resevwa yon rabè swasant pousan (60%) pou peye pou tèt yo sou frè total pou tout sèvis eksepte eksklizyon ki endike nan Seksyon G anba a.
- G. Esklizyon:  
Asistans finansye pa aplike pou:
1. Swen ochwa.
  2. Pwogram pake pri spesyal tankou kosmetik, baryatrik, elatriye.
  3. Lòt sèvis ki pa nesèsè sou plan medikal dapre règleman an.
  4. Sèvis ki gen rapò ak transplantasyon epi transplantasyon.
  5. Pasyan/Garan ki pa fin itilize tout sous finansman ki gen rapò ak swen sante yo.
  6. Pasyan ki kouvri pa yon plan ki itilize tarif ki baze sou referans pou peman sèvis lopital yo, epi selon tarif sa a, yon tyès pati kapab konpanse paysan an pou peman pou sèvis yo si yo fè aksyon legal.
- H. Sansibilizasyon Piblik la
1. Orlando Health pral avèti ak enfòmmanman kominote li sèvi a sou FAP nan yon fason ki kalkile lojikman pou rive jwenn moun ki gen plis chans bezwen asistans finansye nan men etablisman an.
  2. Orlando Health pral fè enfòmasyon yo disponib
    - a. Nan bon aktivite sansibilizasyon kominotè.
    - b. Nan ansèy dijital ak tiliv sou papye ki disponib yo e rann yo piblik pou vizitè etablisman yo.
- I. Kouvèti: FAP la aplike nan tout swen egi lopital la bay ak depatman ijans deyò kanpis la nan lopital la ki se pwopriyete oswa ki opere pa Orlando Health. Atachman A genyen yon lis etablisman yo.
- J. Enfòmasyon kontak, ki gen ladan ekip asistans finansye a, ekip faktirasyon lopital la, ak ekip faktirasyon medsen an disponib nan Atachman A, sou sitwèb Orlando Health la, epi kapab mande yo an pèsòn nan nenpòt etablisman Orlando Health yo.

Tip Règleman:	<b>PIBLIK</b>	Kategori:	<b>Jesyon Revni</b>
Tit:	<b>RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)</b>	Règleman #:	<b>1001</b>
Paj:	7 nan 13	Ranplase #:	5706-0504
Dat Nimewo:	<b>1<sup>re</sup> Oktòb 2016</b>	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Direktè Revni
Dat revizyon:	03/18, 9/19, 02/20, 11/20, 08/23, 1/25, 1/26	Approved By:	<b>Siyati ki Nan Dosye a</b> Erick Hawkins, Direktè Finansye

**IV. DOKIMANTASYON:**

Okenn.

**V. REFERANS YO:**

- A. Règleman Orlando Health sou Koleksyon ak Faktirasyon pou Pasyan an (Peye Limenm), 1017: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources/pay-your-bill/financial-assistance>
- B. Lis Founisè Orlando Health yo: <https://www.orlandohealth.com/-/media/files/orlando-health/patients-and-visitors/patient-financial-resources/pay-your-bill/financial-assistance/2026/202512-oh-501r-physician-listing.xlsx?la=en>
- C. Lis Founisè Orlando Health Bayfront Hospital yo: <https://www.bayfronthhealth.com/-/media/files/bayfront/patient-information/financial-information/2025/financial-assistance-policies/202512-bayfront-501r-physician-listing.xlsx?la=en>
- D. Aplikasyon Orlando Health pou Asistans Finansye: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources/pay-your-bill/financial-assistance>
- E. Rezime Nan Langaj Klè sou Règleman Asistans Finansye Orlando Health la: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources/pay-your-bill/financial-assistance>
- F. Tradiksyon Lang Orlando Health FAP, Rezime nan Langaj Klè, ak GFSA: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources/pay-your-bill/financial-assistance>
- G. Git Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an sou Povrete: <https://aspe.hhs.gov/poverty-guidelines>
- H. Rejis Federal Vol. 79 No. 250: <https://www.gpo.gov/fdsys/pkg/FR-2014-12-31/pdf/2014-30525.pdf>
- I. Sèvis Revni Entèn Etazini an (2019), "Egzijans pou 501(c)(3) Lopital yo selon Lwa sou Swen Abòdab – Seksyon 501(r)" <https://www.irs.gov/charities-non-profits/charitable-organizations/requirements-for-501c3-hospitals-under-the-affordable-care-act-section-501r>

**VI. ATACHMAN YO:**

Lis lopital pou swen grav ak depatman ijans kanpis ki deyò lopital yo ki se pwopriyete epi ki opere pa Orlando Health, 6 paj

Tit: **RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)**

Règleman #: **1001**

*Atachman A – Lis Etablisman ki Aplikab yo*

Rejyon Nò Florid

Enfòmasyon Kontak Ekip Asistans Finansye

An Pèsòn: nan nenpòt lopital  
Telefòn: (321) 843-8955  
Adrès Imel: [FinancialAssistance@orlandohealth.com](mailto:FinancialAssistance@orlandohealth.com)  
Sitwèb: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources/pay-your-bill/financial-assistance>

Adrès Lapòs:  
Orlando Health  
Attn: Financial Assistance Team  
P.O. Box 560176  
Orlando FL 32856

Enfòmasyon Kontak Ekip Faktirasyon Lopital ak Medsen

An pèsòn: nenpòt lopital oswa biwo medsen  
Telefòn: (321) 841-2596 and (877) 793-0145  
Sitwèb: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources>

Adrès Lapòs Faktirasyon Lopital la:  
Orlando Health  
Attn: Patient Accounting Central Business Office  
P.O. Box 560176  
Orlando FL 32856

Adrès Lapòs Faktirasyon Medsen an:  
Orlando Health  
Attn: Physician Billing Central Business Office  
P.O. Box 560176  
Orlando FL 32856

Orlando Health South Seminole  
Hospital/Behavioral Health  
555 West State Road 434  
Longwood, Florida 32750  
Telefòn: (407) 767-5888

Orlando Health Emergency Room –  
Longwood  
575 W State Road 434  
Longwood, Florida 32750  
Telefòn: (321) 842-5650

Orlando Health South Lake Hospital  
Emergency Room – Blue Cedar  
22316 US Highway 27  
Leesburg, Florida 34748  
Telefòn: (352) 536-8831

Orlando Health Lake Mary Hospital  
380 Rinehart Road  
Lake Mary, Florida 32746  
Telefòn: (407) 767-1200

Orlando Health South Lake Hospital  
1900 Don Wickham Drive  
Clermont, Florida 34711  
Telefòn: (352) 394-4071

Orlando Health South Lake Hospital  
Joe H and Loretta Scott Emergency  
Room – Four Corners  
16966 Cagan Ridge Boulevard  
Clermont, Florida 34714  
Telefòn: (352) 536-8821

Tit: **RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)**

Règleman #: **1001**

*Atachman A – Lis Etablisman ki Aplikab yo*

Rejyon Orlando Florid

Enfòmasyon Kontak Ekip Asistans Finansye

An Pèsòn: nan nenpòt lopital  
Telefòn: (321) 843-8955  
Adrès Imel: [FinancialAssistance@orlandohealth.com](mailto:FinancialAssistance@orlandohealth.com)  
Sitwèb: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources/pay-your-bill/financial-assistance>

Adrès Lapòs:  
Orlando Health  
Attn: Financial Assistance Team  
P.O. Box 560176  
Orlando FL 32856

Enfòmasyon Kontak Ekip Faktirasyon Lopital ak Medsen

An pèsòn: nenpòt lopital oswa biwo medsen  
Telefòn: (321) 841-2596 and (877) 793-0145  
Sitwèb: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources>

Adrès Lapòs Faktirasyon Lopital la:  
Orlando Health  
Attn: Patient Accounting Central Business Office  
P.O. Box 560176  
Orlando FL 32856

Adrès Lapòs Faktirasyon Medsen an:  
Orlando Health  
Attn: Physician Billing Central Business Office  
P.O. Box 560176  
Orlando FL 32856

Orlando Health Orlando Regional  
Medical Center  
52 W. Underwood Street  
Orlando, Florida 32806  
Telefòn: (321) 841-5210

Orlando Health Cancer Institute  
1400 South Orange Avenue  
Orlando, Florida 32806-2036  
Telefòn: (321) 841-1869

Orlando Health Arnold Palmer  
Hospital for Children  
92 West Miller Street  
Orlando, Florida 32806  
Telefòn: (321) 843-7777

Orlando Health Emergency Room –  
Waterford Lakes  
11898 Lake Underhill Road  
Orlando, Florida 32828  
Telefòn: (321) 841-4540

Orlando Health Jewett Orthopedic  
Institute  
1717 S Orange Ave Ste 103  
Orlando, Florida 32806  
Telefòn: (407) 236-0404

Orlando Health Winnie Palmer  
Hospital for Women and Babies  
83 West Miller Street  
Orlando, Florida 32806  
Telefòn: (321) 843-1110

Tit: **RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)**

Règleman #: **1001**

*Atachman A – Lis Etablisman ki Aplikab yo*

Rejyon Sid Florid

Enfòmasyon Kontak Ekip Asistans Finansye

An Pèsòn: nan nenpòt lopital

Telefòn: (321) 843-8955

Adrès Imel: [FinancialAssistance@orlandohealth.com](mailto:FinancialAssistance@orlandohealth.com)

Sitwèb: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources/pay-your-bill/financial-assistance>

Adrès Lapòs:

Orlando Health

Attn: Financial Assistance Team

P.O. Box 560176

Orlando FL 32856

Enfòmasyon Kontak Ekip Faktirasyon Lopital ak Medsen

An pèsòn: nenpòt lopital oswa biwo medsen

Telefòn: (321) 841-2596 and (877) 793-0145

Sitwèb: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources>

Adrès Lapòs Faktirasyon Lopital la:

Orlando Health

Attn: Patient Accounting Central Business Office

P.O. Box 560176

Orlando FL 32856

Adrès Lapòs Faktirasyon Medsen an:

Orlando Health

Attn: Physician Billing Central Business Office

P.O. Box 560176

Orlando FL 32856

Orlando Health Dr. P. Phillips Hospital  
9400 Turkey Lake Road  
Orlando, Florida 32819  
Telefòn: (407) 351-8500

Orlando Health-Health Central  
Hospital  
10000 W. Colonial Drive  
Ocoee, Florida 34761  
Telefòn: (407) 296-1000

Orlando Health St. Cloud Hospital  
2906 17th Street  
St. Cloud, Florida 34769  
Telefòn: (407) 892-2135

Orlando Health Emergency Room –  
Osceola  
1001 E Osceola Parkway  
Kissimmee, Florida 34744  
Telefòn: (321) 842-5052

Orlando Health Horizon West Hospital  
17000 Porter Road  
Winter Garden, Florida 34787  
Telefòn: (407) 407-0000

Orlando Health Emergency Room –  
Randal Park  
10155 Dowden Road  
Orlando, Florida 32832  
Telefòn: (321) 842-2280

Orlando Health Emergency Room –  
Reunion Village  
8011 Osceola Polk Line Road  
Davenport, Florida 33896  
Telefòn: (407) 407-0200

Tit: **RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)**

Règleman #: **1001**

*Atachman A – Lis Etablisman ki Aplikab yo*

Rejyon Lès Florid

Enfòmasyon Kontak Ekip Asistans Finansye A

An Pèsòn: nan nenpòt lopital

Telefòn: (321) 843-8955

Adrès Imel: [FinancialAssistance@orlandohealth.com](mailto:FinancialAssistance@orlandohealth.com)

Sitwèb: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources/pay-your-bill/financial-assistance>

Adrès Lapòs:

Orlando Health

Attn: Financial Assistance Team

P.O. Box 560176

Orlando FL 32856

Enfòmasyon Kontak Ekip Faktirasyon Lopital ak Medsen

An pèsòn: nenpòt lopital oswa biwo medsen

Telefòn: (321) 841-2596 and (877) 793-0145

Sitwèb: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources>

Adrès Lapòs Faktirasyon Lopital la:

Orlando Health

Attn: Patient Accounting Central Business Office

P.O. Box 560176

Orlando FL 32856

Adrès Lapòs Faktirasyon Medsen an:

Orlando Health

Attn: Physician Billing Central Business Office

P.O. Box 560176

Orlando FL 32856

Orlando Health Melbourne Hospital  
250 N Wickham Road  
Melbourne, Florida 32935  
Telefòn: (321) 752-1200

Orlando Health Sebastian River  
Hospital  
13695 U.S. Highway 1  
Sebastian, Florida 32958  
Telefòn: (772) 589-3186

Tit: **RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)**

Règleman #: **1001**

*Atachman A – Lis Etablisman ki Aplikab yo*

Rejyon Lwès Florid

Enfòmasyon Kontak Ekip Asistans Finansye A

An Pèsòn: nan nenpòt lopital

Telefòn: (321) 843-8955

Adrès Imèl:

[BayfrontStPeteFinancialHelp@orlandohealth.com](mailto:BayfrontStPeteFinancialHelp@orlandohealth.com)

Website: <https://www.bayfronthealth.com/patient-information/financial-information/financial-assistance-program>

Adrès Lapòs:

Orlando Health

Attn: Financial Assistance Team

P.O. Box 560176

Orlando FL 32856

Enfòmasyon Kontak Ekip Faktirasyon Lopital ak Medsen

An pèsòn: nan nenpòt biwo medsen oswa lopital

Telefòn: (321) 841-2596 ak (877) 793-0145

Sitwèb: <https://www.bayfronthealth.com/patient-information/financial-information>

Adrès Lapòs Faktirasyon Lopital la:

Orlando Health

Attn: Patient Accounting Central Business Office

P.O. Box 560176

Orlando FL 32856

Adrès Lapòs Faktirasyon Medsen:

Orlando Health

Attn: Physician Billing Central Business Office

P.O. Box 560176

Orlando FL 32856

Orlando Health Bayfront Hospital  
701 6th Street South  
St. Petersburg, Florida 33701  
Telefòn: (727) 823-1234

Orlando Health Emergency Room –  
Crossroads  
1800 66<sup>th</sup> Street North  
St. Petersburg, Florida 33710  
Telefòn: (727) 893-6325

Orlando Health Emergency Room –  
Pinellas Park  
3070 Grand Avenue  
Pinellas Park, Florida 33782  
Telefòn: (727) 893-6195

Florida Medical Clinic Orlando Health  
Wiregrass Ranch Hospital  
3000 Wiregrass Ranch Blvd  
Wesley Chapel, Florida 33543  
(ouvèti 2026)

Orlando Health Emergency Room –  
Lutz  
20060 SR 54  
Lutz, Florida 33558  
(ouvèti 2026)

Tit: **RÈGLEMAN SOU ASISTANS FINANSYE (FAP)**

Règleman #: **1001**

*Atachman A – Lis Etablisman ki Aplikab yo*

Rejyon Sant Florid

Enfòmasyon Kontak Ekip Asistans Finansye A

An Pèsòn: nan nenpòt lopital  
Telefòn: (321) 843-8955  
Adrès imèl: [FinancialAssistance@orlandohealth.com](mailto:FinancialAssistance@orlandohealth.com)  
Sitwèb: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources/pay-your-bill/financial-assistance>

Adrès Lapòs:  
Orlando Health  
Attn: Financial Assistance Team  
P.O. Box 560176  
Orlando FL 32856

Orlando Health Watson Clinic  
Lakeland Highlands Hospital  
4000 Lakeland Highlands Rd  
Lakeland, Florida 33812  
(ouvèti 2026)

Enfòmasyon Kontak Ekip Faktirasyon Lopital ak Medsen

An pèsòn: nan nenpòt biwo medsen oswa lopital  
Telefòn: (321) 841-2596 ak (877) 793-0145  
Sitwèb: <https://www.orlandohealth.com/patients-and-visitors/patient-financial-resources>

Adrès Lapòs Faktirasyon Lopital la:  
Orlando Health  
Attn: Patient Accounting Central Business Office  
P.O. Box 560176  
Orlando FL 32856

Adrès Lapòs Faktirasyon Lopital la:  
Orlando Health  
Attn: Physician Billing Central Business Office  
P.O. Box 560176  
Orlando FL 32856

Orlando Health Emergency Room –  
North Lakeland  
963 Lakeland Park Center Drive  
Lakeland, Florida 33809  
(ouvèti 2026)